

Plis, Mwens, Menm avèk Dwèt



YOUNG
MATHEMATICIANS

Jwè 1-20+



Laj 4+




5-10 min

OBJEKTIF

Pou rekonèt konbyen dwèt ki leve epi montre plis, mwens, oswa menm kantite dwèt sou men ou.

MATERYÈL

Men



VOKABILÈ

Menm

Plis

Mwen/pi piti

Konpare

KESYON

Kijan ou te fè konnen?

Konbyen an plis?

Konbyen an mwens?

KÒMAN POU JWE

- Kenbe men ou dèyè do ou.
- Mete yon men devan epi leve 3 dwèt. Di: “Èske ou ka leve menm kantite dwèt avèk mwen?”
- Tann timoun yo montre 3 dwèt (nan nenpòt konfigirasyon).
- Mete men ou dèyè do ou ankò. Fwa sa a, mete yon men devan epi montre 2 dwèt. Ou ka fè timoun yo montre **menm** kantite

dwèt, oswa si ou ta renmen ajoute yon defi anplis, poze youn nan késyon sa yo:

Nivo 1: “Èske ou ka leve **plis** dwèt pase mwen?” Bay timoun yo tan pou jwenn kijan pou yo montre plis dwèt.

Nivo 2: “Èske ou ka leve egzakteman yon dwèt **plis pase mwen?**” Bay timoun yo tan pou jwenn egzakteman youn anplis ou.

Nivo 3: Mande timoun yo pou leve plis dwèt pase ou ap leve epi mande, “**Konbyen an plis sa ye? Kijan ou fè konnen?**”

5. Lè timoun yo alèz pale sou “plis pase,” ou ka poze menm késyon yo, ranplase avèk tèm “**mwens pase**.” Sa a se yon etap bonè nan konprann adisyon ak soustraksyon.

KONSEY POU JWE

- Ou ka chanje wòl ak timoun yo. Fè yo leve dwèt yo epi di ou leve plis, mwens, oswa menm kantite a.
- Montre kantite dwèt nan diferan fason. Pa egzanp, premyèman montre 4 ak de men: 3 dwèt sou yon men ak 1 dwèt sou lòt la. Apre sa, montre 4 ak 2 dwèt sou yon men ak 2 dwèt sou lòt la.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Pale sou plis, mwens, ak menm bagay la ede konstwi vokabilè matematik timoun yo.
- Reflechi sou youn an plis ak youn an mwens ede timoun yo aprann lòd chif yo tou: 4 se youn an plis 3 e 2 se youn an mwens 3.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèljan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videoyo ki montre koman pou jwe *Plis, Mwens, Menm* avèk Dwèt.